Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.

Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 5 (6941) 3 февраль 2025 с. Итни ШагIбан 1445 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАХIАРЗАЛ

## Гъалип Гъалипов: «Дун чIухIарав вуго тIадаб иш къиматалда борхулел бакълъулал рукIиналдаса»

### ТIаса Гьарадирихъа ХIажимурад Хъазанбиевасул ва цогидал бахIарзазул хIурматалда – фестиваль

**Дагъистан Республикаялъул Бакълъул районалда араб анкьалъ «Бакълъулазул бахIарзал» абураб фестиваль гIуцIана Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул рагъухъабазул хIурматалда. Тадбиралъул гIахьалчагIи щвана ракIалдещвеялъул ахикье. Аслияб тадбир ана администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ.**

ГIанди гIурул рагIалда бараб хъалаялда аскIоб ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз, миллияб ретIел ретIун, чед-цIангун хIурматияб дандчIвай гIуцIана ВатIан цIунулезе. Гьеб акция тIобитIана чIиркъдерил цIалул идараялъул директор МухIамад МухIамадовасул жигаралдалъун. Лъимал хIадур гьаруна гьеб школалъул магIарул мацIалъул ва адабияталъул мугIалим Алписат МухIамадовалъ.

Ракьцоялгун дандчIвазе вачIана СВОялъул машгьурав рагъухъан, «За заслуги перед Республикой Дагестан» орденалъе мустахIикълъарав ХIажимурад Хъазанбиев, СВОялъул ветераназул Бакълъул районалда бугеб Ассоциациялъул ва «МугIрузул ракIалдещвей» ДРООялъул нухмалъулев МухIамадгIали ХIажимухIамадов, Жуковасул ва «Рагъулаб тIокIлъиялъухъ» медалазе мустахIикълъарав сержант АбутIалиб ХIасанов ва цогидал.

ВатIан цIунулездехун саламалъулаб кIалъай гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас, гьесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас, МухтарахIмад АхIмадовас, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазановас, «Гумбет» басмаялъул бетIерав редактор, Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул магIарул секциялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновас, бакълъулазул



руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ, гьелъул заместитель ГIазра Исубилаевалъ, Бакълъул районалда бугеб «ВоИн» ОООВИялъул нухмалъулев, афгъанияб рагъул ветеран Багьавудин МухIамадовас, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, маданияталъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель Набигула АхIмадибировас ва цогидаз.




ЛъукъарАв ХIажимурад Хъазанбиев къоло цо къоялъ живго хутIана хандакъалда жанив. КъохIехьеялъул мисал бихьизабурав гьесул квачалдаса хадуб хIатIал хвасар гьаризе бажаричIо. Сахлъи борхизабиялдаса хадув тIоцеве вачIана ХIажимурад гIагараб Бакълъул мухъалде.



Гьевгун дандчIвана Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул нухмалъулесул заместитель СайгидахIмад АхIмадов, МахIачхъалаялъул нухмалъулев Юсуп Умавов, къабул гьавуна Хъазанбиев Россиялъул Госдумаялдаги. Гьесул хIакъалъулъ бицана федералиял телеканалаз ва цогидаз.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас иргадулаб нухалъ абуна СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе бажарараб кумек гьабизе бугин. «Жакъасеб фашизмалда данде кьеркьолел бакълъулал руго жакъа нилъгун дандчIвалел. Гьел руго унго-унгоял бахIарзал. Гьединго жакъа гIагараб районалде лъукъаралдаса хадув тIоцеве вачIун вуго къоло цо къоялъ квен-лъим, кумек гьечIого хутIун вукIарав ва къвакIиялъул, бихьинчилъиялъул мисал бихьизабурав ТIаса Гьарадирихъа ХIажимурад Хъазанбиев.

РачIа нилъеца ХIажимурад ва цогидал гьаб залалда ругел рагъухъаби рахъун чIун къабул гьарилин! Баркала! Россиялъул бетIер Владимир Путиница спецоперация байбихьиялъе гIемерал кIвар бугел гIиллаби рукIана. Микьго соналъ Донбассалъул халкъалъе гIакъуба кьуна Украиналъ ва гьезул кумекчагIаз. Исана сон нилъер улкаялда рагIинабун буго ВатIан цIунулезул лъагIелллъун.

Гитлерилаб фашизм тIагIинабуралдаса 80 сон ин кIодо гьабизе буго. Нилъер умумузул нухдасан ун, гIагараб ракь, улка цIунулел нахъеги кIодо гьаризе бажарараб гьабизе буго. Дун чIухIарав вуго тIадаб иш къиматалда борхулел бакълъулал рукIиналдаса, рагъулаб борч тIубалезе гьираго кумек гьабулел ракьцоял рукIиналдаса.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



«Дир Дагъистан – дир нухал»

- 2 гьум.



Бакълъулазул тIалъи – ФСБялъул вакил гIахьаллъараб дандельиялда

- 2 гьум.



«Блокадаялъулаб чед»

- 2- гьум.



Донбассалъул зоб

-3- гьум.

Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.

Инхоса ГІали-ХІажи

№ 5 3 февраль 2025 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГІУМРУ

## «Дир Дагъистан – дир нухал»

### Килдерил жамагІат къабул гьабуна

**Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетІер Гъалип Гъалиповас къабул гьаруна Килалъ росулъа ХІусен ХІажимухІамадов, МухІамад ХІажимухІамадов, МухІамад Шапиев, МухІамадгъази Сиражов ва МухІамад СагІидов. Гьединго данделъиялда гІахьаллъана спорталъул, туризмалъул ва гІолилазул ишазул комитеталъул хІалтІухъан ГІалиасхІаб МухІамадов.**

«Дир Дагъистан – дир нухал» программаялда рекъон росдал нухал къачІазе, гьоркьоса къотІичІого ток чІезабизе, росулъ лъималазул ах базе кумек гьабеян гьарана килдерил жамагІаталъ. Гьединго гьез цІех-рех гьабуна Гъоркь-Инхо-Килалъ нух къачІаялъул проект нухдаинабиялъул.

Килдерил вакилзабахъ гІенеккун хадув Гъалип Гъалиповас баян гьабуна гьез рорхарал суалал тІуразе бажарараб гьабизе букІин. Гьединго, дандеруссиналда бицана Гъоркь Инхо росулъ 20 чи вегизе, 7 росдал гІадамал къабул гьаризе рес бугеб больница баялъул. Бакълъулазул нухмалъулесул рагІабазда рекъон, гьеб сахлъи цІуниялъул бакІ баялда хурхун экспертиза гьабиялъул хІалтІаби нухдаинарулел руго.



**Макка МухІамадова**

ТЕРРОРАЛДА ДАНДЕЧІЕЙ

## Бакълъулазул тІалъи – ФСБялъул вакил гІахьаллъараб данделъиялда

### ХІалтІул хІасилал гьаруна, цІиял масъалабазул бицана

**МахІачхъалаялда тІобитІана Россиялъул ФСБялъул директорасул заместитель – Миллияб терроралда дандечІеялъул комитеталъул нухмалъулев Игорь Сироткинил бетІерлъиялда данделъи.**

Гьениб гІахьаллъи гьабуна бакълъулазул бетІер Гъалип Гъалиповасги. Тадбиралда Дагъистан Республикаялда терроризмалъул профилактикаялъул рахъалъ 2024-абилеб соналъ идарабаз ва бакІалъулал нухмалъиялъул идарабаз гьабураб хІалтІул хІасилал гьаруна ва исана соналъ тІуразе хІажатал аслиял суалал чІезаруна.

Гьанжесеб заманалда рекъон терроризмалъул идеологиялда дандечІеялъул регионалда ва муниципалитетазда ругел идарабазул, бакІалъулаб тІалъиялъул хІалтІул хІасилал лъикІлъизаризе квербакъулел тІадкъаял кьуна данделъиялда.



**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

ВАТІАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

## «Блокадаялъулаб чед»

### Ленинградалъулазе радал, къаде, къаси квенлъун букІараб 125 грамм чадил бикьана

**Ленинград фашистазул блокадаялдаса тІубанго эркен гьабураб къоялъул (1944 сон) хІурматалда Бакълъул районалъул маданияталъул ва библиотекабазулаб хъулухъалъул управлениялъ МелъелтІа росдал гьоркьохъеб школалъул вакилзабазда цадахъ «Блокадаялъулаб чед» абураб акция тІобитІана.**

ВатІан бокьиялъул тадбиралъул щивав гІахьалчиясе 125 грамм чадил щвана. Дол кьогІал соназ ленинградалъулазе радал, къаде ва къаси квенлъун букІана гьеб чадил кесек.

Абизе ккола бакълъулазул киналго поселениязда тІоритІана Ленинград тІубанго фашизмалъул къоралдаса эркен гьабиялъул къоялда хурхун выставкаби, гургинал столал ва цогидал ВатІаналдехун лъикІаб бербалагьи цІикІкІинабулел тадбирал.



**Зугъра ГІабдулкъадирова**

## Гъалип Гъалипов: «Дун чІухІарав вуго тІадаб иш къиматалда борхулел бакълъулал рукІиналдаса»

**(Байбихьи-тІоцебесеб гьум.)** СВОялъул мухъалде нилъеца битІана нусго тоннаялдасаги цІикІкІун гуманитарияб къайи. Гьеб бакІариялъулъ жигараб гІахьаллъи гьабуна лъайкьеялъул, маданияталъул идарабаз, бакълъулазул руччабазул гІуцІиялъул вакилзабаз ва цогидал ВатІаналъул ургъел бугел ракьцояз.

Спецоперациялъул гІахьалчагІазе кумек гьабизе районалда рагьун буго «Гумбет-В» абураб гурхІел-рахІмуялъул фонд. Администрациялъул, бакълъулазул ва дирго рахъалдасан ракІ-ракІалъулаб баркала кьола СВОялъул рагъухъабазе! ЦІунаги нуж квешлъиялдаса, гьарула халатаб гІумругун щулияб сахлъи. Бергьенлъигун кватІичІого рокъоре тІадруссаги!»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

Тадбиралъул гІахьалчагІазе лъикІаб асар гьабуна МелъелтІа росдал гьоркьохъеб школалъул цІалдохъабазул «ХъахІал къункъраби» абураб художествияб церерахъиналъ. Лъимал хІадур гьаруна мугІалим Равзанат ГІумароваль. КечІдул рицине рахъана МелъелтІа росдал аслияб школалъул цІалдохъан Хадижат Назирова, мелъелдерил гьоркьохъеб школалъул 3-леб «Б» классалъул цІалдохъан МухІамад РурухІмаев.

Тадбиралда гІахьаллъарал лъимазе бокьана Хъазанбиевасе суалал кьезе. ЦІалдохъабаз гьираго кьурал суалазе рагІаракьанде щварал жавабал кьуна ХІажимурадицаги.

ХІурматияб дандчІвай гьабуралъухъ, бугеб лъикІаб бербалагьиялъухъ, гьоркьоса къотІичІого гьабулеб кумекалъухъ ракьцоязе, районалъул тІалъиялъе баркала загьир гьабуна ХІажимурад Хъазанбиевас ва цогидал бахІарзаз.

**«Гумбет» информациялъулаб гІуцІи**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

## Салимат ХІамидова: «Иргадулаб нухалъ бихьана нилъер гІадамазул сахавалъиялъул гІорхъи гьечІолъи»

### Мелъелдерил руччабаз СВОялъул мухъалде къайи битІана

**МелъелтІа росдал руччабазул гІуцІиялъ иргадулаб нухалъ гуманитарияб кумек битІана хасаб рагъулаб операциялъул мухъалде. Поселениялъул женсоветалъул нухмалъулей Салимат ХІамидовалъул жигаралдалъун рагъухъабазе бакІарана хасало хІажатаб**



**къайи.**

«РакІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго нилъер ВатІан цІунулезе гуманитарияб къайи бакІариялъулъ жигараб гІахьаллъи гьабурал мелъелдерил руччабазе. Гьаб нухалда нижеца хІукму гьабуна аслияб къагІидаялъ СВОялъул гІахьалчагІазе хинал юргъанал ракІаризе.

Иргадулаб нухалъ бихьана нилъер гІадамазул сахавалъиялъул гІорхъи гьечІолъи. Гьединго баркала кьезе бокьун буго гуманитарияб кумек МахІачхъалаялде щвезабиялъе кумек гьабурав Мурад Халидовасе, гьенисан гьеб битІизе буго фронталъул мухъалде.

Дица ракІ-ракІалъ гьарула росуцоязе сахлъи, квешабщинаб жоялдаса цІуни. Биччанте нужер рокъоб кидаго парахалъи букІине. БахІарчиял рагъухъабазе гьарула щулияб сахлъи, халатаб, талихІаб гІумру тушманасул гулбуздаса цІуни ва гІагарлъиялъиялде тІаде бергьенлъигун хехго тІадруссин», - ян абуна Салимат ХІамидоваль.

Спецоперациялъул мухъалде чанго нухалъ битІана мелъелдерил руччабаз гуманитарияб къайи. Гьабураб кумекалъухъ Салимат ХІамидовалъе ва цогидазе баркала кьураб видеообращениял рачІун рукІана дагьаб цебегІанги ВатІан цІунулез.

**Зугъра ГІабдулкъадирова**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Донбассалъул зоб

**(поэма)**



**1.Донбассалда гъутIби гъенолел руго…**

Донбассалда гъутIби гъенолел руго,
ТIогьиллъарал тIамхал рортулел руго,
Хасалихълъиялъул пашманаб бакъан
Буго Донбассалъул даим рекIелъ къан.

Ракълилаб халкъалде балеб гIарада
ГIодобе буссинчIо микьго лъагIелалъ.
ЛъикIалъе кьураб квер бачинчIеб мехалъ,
Лъана ракълил къимат цIифашистазда.

«РецIел, къисас!» – абун къирана цаби
КIикъойил соназда нилъер бахIарзаз.
Зулмуялда мал чIун, лъуна галаби,
Гитлерил гIангразда лал бана васаз.

Сасараб цIад буго жакъа щенолеб –
Донбассалъул ругънал руго чурулел.
Рихьула ракьалда кьалул хутIелал,
Зодил магIу буго гIодой чвахулеб.

**2. Донбассалъул мугIрул**
Донбассалъул мугIул руго хIикматал,
ХIалтIуда, гIетIуда рижун рачIарал.
Ракьулъа магIданал рахъулел мехалъ,
Лъугьуна гьединал мугIрул, захIматалъ.

Гьел гохIазда тIегьги херги баккула,
Терриконалилан гьезде абула.
Гьанир, Донбассалда, гьединал тIогьал,
ТIугьдул гIадин тIегьан, руго гIемерал.

Махх, тIурччи, чаран, цIам – гьарзаго гьаниб,
Нилъер дунялалъул нахърател – гьаниб.
Нухлул щибаб свери – цогиги завод,
МагIданал рахъулез битIулареб гьод.

Гьеб бечелъи буго, НАТО, дур мурад,
Дуца цIулеб буго дунялалъул би.
Балеб буго гьаниб гIарададул цIад,
ЦIирцIидулел руго тIухьидул гулби.

БергьинчIо фашистал, бергьине гьечIо
Гьезул ирсилалги гьаб къеркьеялда.
Россиялъул боял къуркъизе гьечIо,
Гьезул бахIарчилъи лъана ракьалда.

**3. Донбассалъул чаран**
Рукьал гурун, гIетI бан, хIалтIулел руго
Ракьулъа магIданал рахъулел чагIи.
Донбассалъул чаран биунеб буго,
Абулеб буго гьелъ ритIухъаб рагIи.

Рорараб цIадул кор – камилаб чаран
Кин лъадарулебан лъикI лъала гьаниб.
Гьеб чармил ярагъалъ бояги чIаран,
Берлин эркен гьаби кIоченчIо гьаниб.

Нус-нус гIолохъабаз рухI кьуна гьаниб,
Гьезда гъорлъ рукIана дагъистаниял.
Доз фашизмалдаса цIунана дунял,
Дозул ирсилазул би тIуна гьаниб.

**4. Донбассалъул хвалчен**
Донбасс, дур къебелъухъ къвакIараб хвалчен
Къойил лъадарула, лъаларо алхин.
Пири кинигин, гьеб буго пирхулеб,
Россияги цIунун, буго паркъолеб.

КъохIехьеялъулги къвакIиялъулги
Накъищ буго бикIун гьелъул балада.
Гьунар-цIаралъулги чилъиялъулги
Расен бекьун буго тIад тIагъиялда.

Донбассалъул хвалчен хилиплъуларо,
Гьелъ божилъиялда рекIкI гьабуларо.
РагIуй хиянатал фашистазда тIад
КъотIула хвалченалъ хIакъикъияб суд.

**5. Донбассалъул дарсал**
Донбасс, дунялалъе дуца кьуна дарс,
Къуркъуларо даим къвекIчармил Донбасс.
Дуца мацI цIунана цIакъ бахIарчиго,
Дуца ракI цIунана цIакъ бихьинчиго.

Чан хIалбихьаниги, мун кверде инчIо,
Кин кьвагьи лъуниги, мун асирлъичIо,
СихIрабаз, хIиллабаз босизе кIвечIо,
ЧIухIараб дур байрахъ сукIизе течIо.

Паранг мацIалъулги рукIана дарсал,
Донбассалъ кьола дарс ракьалъе жакъа.
…Европа цIун руго васазул хобал –
Гьез хвасар гьаруна кIикъойилъ халкъал.

**6. Донбассалъул нартал**
Донбасс, дур эркенлъи бахъана васаз,
Би тIуна дуй гIоло нилъер бахIарзаз.
ХIажимухIамадов, гьесул граната –
Гьел нартал рукIаго, щиб нилъей НАТО.

Нахъекъай лъаларел, ракIал чармилал
Ракьалде щапана гьанир гIолилал.
Гьез бихьизабуна яхIалъул мисал,
Гьез зулмуялда тIад чIана бакIаб мал.

БахIарчилъиялъул цIалана курсал
Россиялъул васаз махлукъаталъе.
КъуркьунгутIиялъул тана даптарал
Дагъистанияца дуниялалъе.

**7. Донбассалъул лъимал**
Донбассалъул лъимал, нуж чIвалел руго,
Нужехъа лъимерлъи бахъулеб буго.
Балеб гIарададукь кьижула васал,
ГIасиял топазукь къанщула ясал.

Инсанасул къадру, ихтияралин
АхIдола мун, НАТО, лъимал чIвалаго.
РечIчIула ракълилаб халкъалда гьедин,
Гьарула такъсирал, намус гьечIого.

ГьитIичазул хобал, гьанжесеб Донбасс,
БукIинесеб буго ракьулъ букъулеб.
Гьоркьоб къотIуларо ярагъалъул сас,
Тушманас рекIеде буго кьвагьулеб.

Гьел лъимал ккола нилъ. Нилъеда буго
РечIчIулеб гIемерал къояз, лъагIелаз.
… Лъалиниса ярагъ бахъана васаз,
ТакъсирчагIазе суд къотIулеб буго.

**ГIизудинил ХIамзат**

# Более 600 дагестанцев в 2024 году получили налоговый вычет по расходам на приобретение лекарств

**Максимальная сумма вычета составляет 120 000 рублей в год, а возврат налога – до 15 600 рублей (13%).**

Как вернуть деньги за лекарства?

Если вы покупали лекарства по назначению врача за свой счёт, можно получить социальный налоговый вычет по НДФЛ. Он распространяется и на расходы за супругов, родителей, детей и подопечных до 18 лет.

Что нужно?

Медицинские документы: рецепт, выписка из медкарты или другой документ, подтверждающий назначение препарата.

Финансовые документы: чек из аптеки или товарный чек.

Как получить?

Через налоговую – подать декларацию 3-НДФЛ и документы.

Через работодателя – получить уведомление из налоговой и предоставить его работодателю.

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения «Село Читль» Гумбетовского района

**Решение № 7**

**от « 29 » декабря 2024** **«Село Читль»**

Бюджет СП «Село Читль" на 2025 год и на плановый период 2026- 2027 годов

Бюджет обсужден и принят на сессии Собрания депутатов СП "Село Читль" 29 декабря 2025г.

Сессия Собрания депутатов постановляет:

**ДОХОДЫ**

| № п.п | Вид доходов | 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Дотация | 2113,8 | 1648,8 | 1638 |
| 2 | Субвенция | 184,4 | 199,8 | 167,8 |
| 2.1 | В том числе: ВУС | 184,1 | 199,8 | 167,8 |
| 4 | Собственные доходы | 33 | 33 | 33 |
| 4.1 | В том числ: НДФЛ | 19 | 19 | 19 |
| 4.2 | Налог на имущество физ. лиц | 6 | 6 | 6 |
| 4.3 | Земельный налог | 8 | 8 | 8 |
| | **Всего доходов** | **2330,9** | **1881,6** | **1887,9** |

**РАСХОДЫ**

| | Вид расходов | 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Глава АСП | 695 | 458 | 458 |
| 1 | Администрация | 985 | 686,8 | 686,8 |
| 2 | ВУС | 184,1 | 199,8 | 206,1 |
| 3 | Благоустройство | 30 | 15 | 15 |
| 4 | Молодежная политика | 0 | 0 | 0 |
| 5 | Культура | 400,8 | 486 | 486 |
| 6 | Доплата к пенсии | 36 | 36 | 36 |
| 7 | Физкультура и спорт | 0 | 0 | 0 |
| | **Всего расходов** | **2230,9** | **1881,6** | **1887,9** |

**Председатель Собрания депутатов СП «Село Читль» А.М. Алиев**

СТРАНА ГОР

## В РФ введена новая шкала налога на доходы физических лиц




**С 1 января в нашей стране введена новая прогрессивная шкала налога на доходы физических лиц (НДФЛ).**

Чем выше доход, тем больше налоговая ставка. Для доходов резидентов РФ, полученных с 2025 года, применяются новые ставки: 13% для доходов до 2,4 млн руб.; 15% для доходов от 2,4 млн до 5 млн руб. в год; 18% для доходов от 5 млн до 20 млн руб. в год; 20% для доходов от 20 млн до 50 млн руб. в год; 22% для доходов более 50 млн руб. в год.

Под новую шкалу попадает большинство доходов, например: заработная плата; выигрыши в азартные игры и лотереи; прибыль контролируемой иностранной компании (КИК) и др. Стоит отметить, что для некоторых доходов применяется ставка НДФЛ 13% (до 5 млн руб.) и 15% (свыше 5 млн руб.). К ним, в частности относится денежное довольствие и иные дополнительные выплаты, связанные с участием в СВО.

**УФНС по РД**

## Пожарная безопасность в зимний период

Зима – это не только холод, снег, мороз, но и время, когда необходимо внимательнее относиться к пожарной безопасности и помнить о том, что пожар намного легче предупредить, чем его потом потушить. Требованиями пожарной безопасности установлены определенные правила при устройстве и эксплуатации электротехнических и теплогенерирующих устройств, соблюдение которых позволит максимально обезопасить себя от риска возникновения пожара.

Несмотря на то, что сегодня все больше используются системы центрального отопления, печное отопление по-прежнему остается пожароопасным. Всем жителям, дома которых отапливаются печами, следует помнить, что это не только источник тела, но и возможность появления пожара. Неосторожное обращение с огнем, сушка дров, сгораемых материалов и нарушение других правил пожарной безопасности при эксплуатации печей также приводят к возникновению пожаров.

При использовании печей:

1. Не допускайте эксплуатацию печей с наличием в них трещин и разрушений.

2. Очистка дымоходов и печей от сажи должна производиться не реже одного раза в три месяца.

3. Не оставляйте без присмотра топящиеся печи и не поручайте надзор за ними малолетним детям;

4. В сильные морозы печи нередко топят длительное время, в результате чего происходит перекал отдельных их частей. Если эти части соприкасаются с деревянными стенами или мебелью, то пожар неизбежен. Поэтому рекомендуется топить печь 2-3 раза в день по 1-1,5 часа, нежели один раз длительное время.



При обнаружении пожара или признаков горения (задымление, запах гари, повышенная температура) надо незамедлительно сообщить по телефонам «101» или «112», при этом назвать адрес объекта, место возникновения пожара. Одновременно принять возможные меры к спасению людей, имущества и ликвидация пожара имеющимися первичными средствами пожаротушения, организовать встречу пожарных подразделений. При тушении пожара категорически нельзя бить в окнах стекла и открывать все двери, так как это приводит к дополнительному притоку кислорода и способствует развитию пожара. Если помещение, в котором произошел пожар, сильно задымлено, то покидать помещение необходимо как можно ниже пригнувшись к полу. При эвакуации из задымленного помещения можно использовать мокрые материи, закрывающие лицо.

Соблюдайте правила пожарной безопасности! Берегите себя и жизнь своих близких!

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

## 63 тысячи дагестанских абонентов получают квитанции за газ на электронную почту

**Жители Республики Дагестан области все чаще выбирают электронную квитанцию для оплаты газа. В настоящее время этот удобный цифровой формат используют десятки тысяч абонентов «Газпром межрегионгаз Махачкала». В январе месяце на электронные почты потребителей газа республики доставлено 63 985 электронных квитанций.**




Подключить электронную квитанцию можно в «Личном кабинете абонента» на официальном сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» или в мобильных приложениях «Газ Онлайн» или «Мой Газ». Для этого достаточно перейти в он-лайн сервисах в раздел «Настройки счета» и указать адрес электронной почты, куда будет направляться платежный документ.

Причин для выбора электронного документа у дагестанских потребителей газа много.

Во-первых, электронная квитанция – полноценный платежный документ, который содержит аналогичную информацию, что и бумажная, но имеет ряд преимуществ. Во-вторых, адресат получает такую квитанцию сразу при формировании в системе, а значит, гораздо быстрее, чем по почте.

Электронная квитанция доступна для ознакомления и оплаты в любое время на компьютере, планшете или смартфоне. Это особенно удобно для тех, кто отправляется в отпуск или часто бывает в разъездах. Есть возможность оформить квитанции по нескольким лицевым счетам и, например, оплачивать, газ за пожилых родственников, за дома в селах.

Сделав выбор в пользу получения квитанции по электронной почте, абонент в любое удобное время может скачать и посмотреть ее, где бы он ни находился. Не менее важной причиной отказа от бумажных квитанций является и вопрос природосбережения. Экологическая польза от сокращения количества бумаги на производство квитанций очевидна.

Важно: получив квитанцию абоненту необходимо рассчитываться за газ до 10 числа каждого месяца и не накапливать задолженность.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

## Поликлиника Гумбета начала принимать жителей по старому адресу




Уважаемые жители Гумбетовского района!

Доводим до вашего сведения, что поликлиника муниципалитета принимает пациентов по прежнему адресу: улица Квелиб, 1.

БетІерав редактор: ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь: Зугьра ГІабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІарazда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватІибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.